Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Дагестанехь чIогIа догIанаш даьхкина: некъаш хедда, хиш тIедийлина, газ дIайаьлла

Товбеца-бутт 08, 2026




ГIазгIумкийн кIоштара боьхна некъ. КIоштан администрацин сурт

Дагестанера Чародан а, Гунибан а кIошташкахь догIанаш дахкар бахьана долуш 51 эвла доьлху некъаш хедда, ГIазгIумкийн кIоштахь боккхачу некъан цхьа дакъа чудоьжна. Гергебилан кIоштахь а некъ боьхна ишта, газан биргIа а хино дIайуькъна, хIусамаш газ йоцуш йисина.

24 сахьтехь Гуниб-ЦIуриб некъа тIехь шозза токхамаш хилира, хаамбина Чародан кIоштан администрацино. Де хьалха некъ цIанбинера, дIаса ца бовлалуш лаьттачу бахархойн аьтто баьллера цIаберза, амма товбеца-беттан 7-гIа буьйса йуккъе йахначул а тIаьхьа, йуха а текхнера и меттиг. Карарчу хенахь луларчу Гунибан кIоштарчу эвлашка вуьгу цхьаъ бен боцчу некъа тIехула дIасалелийла дац.

Республикин прокуратуро дӀахьедина, шаьш тергонехь латтош ду некъаш цӀандар аьлла.




Гергебилскан кӀоштан хьалкамаша а ишта дӀахаийтина, чехка догӀанаш дахкарна, хьаьт чухьаьдда, некъаш хедарх. Меттигерчу бахархошка дехарш до, Дагестанан Левашинскан кӀоштарчу Хьажалмахьи йуьрта ма гӀертахьара бохуш. Къойсув олу хи тӀедаьлла, масех эвла текхна, МаӀли эвлахула чекхйолу газан биргӀа а йохийна, нах газ йоцуш бисина.

ГIазгIумкийн кIоштара Мамраш-Ташкапур-Араканский некъан цхьа ах чуйоьжна, цигахь йукъ-кара бен машенаш дIасалелалуш йац.

Ишта догIанаш оьхуш ду ХIинжа-ГIалахь а, Iедалхоша дIахьедина "урамашкара хьал толлуш ду" шаьш аьлла, цкъачунна токхамаш хилла аьлла, дуьйцуш дац.

- Кху шеран мангал-баттахь Чародинан а, Тляратинан а кIошташкара исс эвлара некъаш такхар бахьана долуш дIасавала йиш йоцуш дара. Рисор хи тIедаларна дара и. ТIулгаш чухьадарна Унцукулан кIоштара некъ а дIакъевлина бара, машенашна уллохь бердийн дакъош охьаэгнера.
- Кху бIаьста коьрта Iаламан бохам хилла дIахIоьттира Къилбаседа Кавказехь токхамаш. ТIаьххьарчу 107 шарахь хилла хIума дацара и, бохура тергамчаша. Къаьсттина даккхий зенаш хилира Дагестанехь а, Нохчийчохь а. Дагестанехь чухьаьдда хьаьт бахьана долуш чолхечу хьолан раж кхайкхийра ХIинжа-ГIалахь, Хасавйуьртахь, иштта кхин а иттанашкахь нах бехачу йарташкахь а. Урамашкахула охьаоьхура даккхий хиш, дIайаьллера ток, сецнера молу хи а. Оцу бурчаман шолгIа тулгIе хилира охан-беттан йуьххьехь. ХIетахь Дербентан кIоштара Геджухан хилаттийла дIайузар бахьана долуш чIинг иккхинера. Хино дIатакхийра Мамедкала эвла, федералан боккхачу некъа тIера тIай а чудоьжнера. Токхамаш бахьана долуш бархI стаг велира.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю